



Ni kubera iki umwana wanjye akeneye irindi suzuma ry'amatwi akiri muto cane?

Ugutakaza ubushobozi bwo kwunva ntikumenyekana ku bana bose bakivuka. Ugutakaza ubushobozi bwo kwunva gushobora kubaho umwana uwo ariwo wose bitewe n'invo nyinshi.

Invo zimwe na zimwe zituma utegerezwa gusuzumisha umwana wawe amatwi:

- Kahise k'umuryango ko gutakaza ubushobozi bwo kwunva burundu ku bana
- ubudasa bwibonekeza ku mutwe, isura, izosi, canke amatwi
- imiti imwe nimwe yafashe akivuka mu gihe c'imisi irenga 5
- ibimenyetso vyabonetse mw'isuzuma birimwo ibishobora kuba ari ugutakaza ubushobozi bwo kwunva
- kuba yarigeze kwitabwaho n'umugwi ujejwe kwitaho indembe z'inzoya (NICU) mu gihe kirenga imisi 5
- impungenge z'umuryango canke iz'uwujewe kumwitaho
- guteba kuvuga hamwe/canke mu gutera imbere mu kuvuga

VTEHDI izokurungikira ikete yongere irirungikire uwujewe kwitaho umwana wawe mu gihe hasabwe ayandi masuzuma ya buri gihe.

Ku yandi makuru yerekeye urwo rutonde ruri haruguru, hamwe n'igihe n'aho wosabira isango ry'isuzuma, ja ku rubuga healthvermont.gov/hearing.

Umugambi wa Reta ya Vermont wo gusuzuma no kuvura amatwi ku bana hakiri kare (VTEHDI)

Umugambi wa VTEHDI wo kumenya ivyavuye mu masuzuma y'amatwi ku bana bose bavukiye i Vermont utuma hizerwa ko abana bose baronse uburenganzira bwo gusuzumwa amatwi ku gihe kandi mu buryo bubereye hamwe no kwitabwaho.

Ku yandi makuru, ja ku rubuga healthvermont.gov/hearing



Uru rwandiko:

- rurasiguwe kandi ruraboneka ku rubuga rwacu mu Gifaransa, mu Carabu, mu Giswahili, mu kinya Burmaniya, muki Nepal, mugi Somali, muki Esupanyore
- rwasubiwe mu rwongera rutunganirizwa hamwe n'imiryango y'abafatanyabikorwa (2022)



Igisata kijejwe gusuzuma no kuvura amatwi hakiri kare umugwi ujejwe abavyeyi n'amagara y'abana
1-800-537-0076 canke 1-802-651-1872
VTEHDI@vermont.gov

Isuzuma ry'amatwi ku bana b'inzoya



AMAKURU AGENEWE IMIRYANGO

Umugambi wa Vermont wo gusuzuma no kuvura amatwi hakiri kare

Ni kubera iki inzoya ZOSE zisuzumwa amatwi z'ikivuka?

- Kwunva si ikintu kiboneka. Imiryango yibaza ko ishobora kuvuga nimba abana bayo bashobora kuba batunva ariko ibi siko bigenda imisi yose.
- Umwana 1-3 ku bana igihumbi avukana ubugwayi bumwe na bumwe bw'amatwi.
- Isuzuma ry'amatwi ku nzoya rirashobora kwerekana ko uruyoya rushobora kuba rwaratakaje ubushobozi bwo kwunva mu misi ya mbere y'ubuzima.
- Umwaka wa mbere w'ubuzima ni nkenerwa kugira umwana avuge yongere atere imbere mu rurimi. Iyo adashobora kwunva amajwi y'ibintu n'abantu, harashobora kuba uguteba kuvuga.
- Abana bangana n'igice batakaje ubushobozi bwo kwunva nibo bazwiko bafise imiryango yagize izo ngorane muri kahise canke ibindi vyago bishobora gutera iyo ngorane.

Ni ryari umwana wanje akwiye gusuzumwa amatwi?

Isuzuma ry'amatwi ku mwana ritategerezwa gukorwa imbere yuko usohoka ibitaro. Ibitaro vyinshi bisuzuma amatwi y'umwana inyuma yuko yujuje amasaha 12-24.

iyo uvyariye imuhira, umuremeshakiyago wawe azosuzuma umwana wawe mu ndwi za mbere z'ubuzima bw'umwana.



Ninde azosuzuma amatwi y'umwana wanje?

Isuzuma ry'amatwi ku mwana rirashobora gukorwa n'umuganga w'amatwi, umuforoma, umuhinga yavyigiyeye, umuganga w'ubuhumekero, canke umuremeshakiyago.

Ni gute amatwi y'umwana wanje azosuzumwa?

Isuzuma ry'amatwi riratekanye, ririhuta, kandi ntiribabaza. Abana benshi baba basinziriyeye mu gihe c'isuzuma kuko ata kimenyetso basabwa gutanga mu gihe basuzumwa.

Agasonde gato gashirwa musu y'ugutwi kw'umwana wawe canke agashirwako ama ekuteri ku mwanzi yawe hakavuzwa amajwi buke buke. Ico gikoresho gipima uko avyifashemwo, hanyuma inyishu zikazoboneka igihe isuzuma rizoba ryasozerewe.

Inyishu zishoboka ni izihe kw'isuzuma ry'amatwi y'uruyoya?

NI MUZIMA bisigura ko atabindi bikorwa bikenewe muri aka kanya.

KURUNGIKWA AHANDI bisigura ko umwana wawe atatsinze ikizami c'isuzuma ry'amatwi. Ibi ntivyemeza ko umwana yatakaje ubushobozi bwo kwunva, ariko ayandi masuzuma yo kugenzura ni nkenerwa.

Ntiryazeze/Ryageragejwe bisigura ko isuzuma vyabaye ngombwa ko rihagarikwa hakiri kare kandi hakenewe irindi. Ibi bishobora guterwa n'urugero rw'ibikorwa vy'umwana, urwamo ruri hafi yaho canke ingorane z'ubuhinga bw'igikoresho.

Inyishu z'isuzuma ry'amatwi y'umwana wawe zizosangizwa wewe, uwujwe kumwitaho hamwe n'umugambi wa VTEHDI.

Bigenda gute iyo umwana wanje atigeze asuzumwa amatwi canke akeneye irindi suzuma?

Umugambi wa VTEHDI uzoguhamagara hamwe/canke umuganga w'umwana wawe kugira ugufashe gusaba isango rihabwa abivuzwa bavuye hanze y'ibitaro. Urashobora kandi kwakura VTEHDI (raba amakuru ajanye naho wobaronderera inyuma y'uru rwandiko).

Amasango y'abivuzwa bavuye hanze y'ibitaro arashobora gutangwa ku bitaro vyo mu kibano, ku biro vy'umuganga w'amatwi canke ku biro vy'umuganga avura abana.



Dukoresha uburyo bwa 1-3-6 buri gihe*

- 1 - Mu gusuzuma inzoya zose amatwi imbere yo gusohoka ibitaro canke imbere y'ukwezi **1 akimara** kuvuka
- 3 - Abana bakeneye ayandi masuzuma bazokorerwa isuzuma imbere **yo kwuzura** amezi 3 bavutse.
- 6 - Abana basuzumwe bafise urugero urwo arirwo rwose rwo gutakaza ubushobozi bwo kwunva bazorungikwa ahandi kandi bandikishwe mu buvuzi bw'abahinga mu kuvura amatwi hakiri kare imbere **y'amezi 6** y'amavuko.

* Vyakozwe hisunzwe amabwirizwa ya komisiyo y'igihugu ijewe kuvura abana amatwi (JCIH)